

# **EPILEPSI 101**

## **OU FÈT POU KONNEN REYALITE A!**



Epilepsy Foundation of  
Metropolitan New York  
(EFMNY)  
65 Broadway, Suite 505  
New York, New York 10006  
212 677-8550  
[www.EFMNY.org](http://www.EFMNY.org)

Finansman pou bwochi sa yo te posib grasa sipò Biwo Andikap nan Devlòpman Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil Nouyòk e grasa Kowalisyon Epilepsi nan Leta Nouyòk.

**Reyalite sou Epilepsi**

Kòz yo .....	3
Tip ak Sentòm .....	3
Dyagnostik .....	6
Tretman .....	7
Premye Swen.....	8

## Reyalite sou Epilepsi - Kòz yo

Epilepsi prezante nan tout gwoup popilasyon, sou moun tout laj, tout ras, e ki soti nan tout gwoup sosyo-ekonomik. Pifò moun ki gen epilepsi devlope kriz malkadi anvan yo rive gen laj 21 lane oswa lè yo se yon adilt ki pi aje.

Gen plizyè bagay ki lakòz epilepsi:

- Domaj nan sèvo anvan, pandan oswa apre nesans, tankou:
  - Anomali nan devlopman sèvo a
  - Domaj sèvo pandan peryòd perinatal (touswit anvan oswa touswit apre nesans) la akòz senyman oswa mank oksijèn
  - Domaj twomatik nan sèvo a, ki rive pi devan nan lavi
- Anomali jenetik
- Twoub dejeneratif ki afekte sèvo a
- Twoub metabolik ak chimik
- Enfeksyon nan sistèm nè a
- Timè ak kayo san nan sèvo a
- Reyakson toksik a medikaman oswa a lòt sibstans

Ou ka evite kèk nan kòz potansyèl ki domaje selil sèvo yo – kidonk ou ka evite epilepsi – lè w pran bòn abitid pou swen sante, lè w pratike sekirite sou otowout, ak lè w pratike sekirite nan Iwazi. Pa egzanp, akòz aksidan machin sèlman, gen 540 000 Ameriken ki sibi domaj nan tèt chak ane. Prèske 20 000 ladan yo ap devlope kriz epileptik k ap pèsiste akozdesa. Kidonk, prevansyon kont epilepsi konsantre sou evite domaj nan tèt ak domaj nan sèvo; e pou fè sa se pou obsève pwen senp swivan yo:

- Minimize risk yo nan aktivite Iwazi (mete kas pwoteksyon lè w ap monte bekàn, lè w ap monte esketbòd, lè w ap jwe foutbòl, lè w ap jwe bezbòl; pran anpil prekosyon lè w ap plonje anba dlo oswa lè w ap grenpe mòn).
- Lè w ap kondwi tout kalite veyikil, kondwi yo avèk prekosyon (mete senti sekirite yo, respekte limit vitès yo, mete kas, lè sa nesesè).

## Reyalite sou Epilepsi - Tip ak Sentòm

Fòm, entansite ak dire kriz yo gen rapò avèk kantite ak tip selil nan sèvo yo ki afekte. Gen de gwo tip kriz: jeneralize ak fokal. Yo varye ant latranblad ak pèt atansyon ki fèt pou yon moman.

Lè se toulède emisfè (pati) sèvo a ki enplike, yo di kriz yo "jeneralize" e yo afekte konesans ak fonksyon motris (abilite pou fè mouvman) depi lè kriz la deklanche. Lè se sèlman yon emisfè (pati) sèvo a ki afekte, yo di kriz yo "fokal" e inisyalman yo gen efè espesifik toudepannde pati nan sèvo a ki enplike. Moun ka gen toude tip kriz yo.

### Tip Kriz

#### Kriz JENERALIZE - ki gen rapò avèk toude emisfè sèvo a

### Kriz Tonik-Klonik (ke yo te konn rele "Gran Mal")

Yon kriz tonik-klonik prezante lè moun nan gen latranblad e kò l vin rèd, bra l yo flechi, janm yo, tèt la ak kou a lonje, epi machwa yo fèmen byen sere; sa a se faz "tonik" la. Moun nan tonbe atè, dèfwa li pouse yon kri grav, e li pèdi konesans tanporèman pandan kèlke minit. Pandan tan sa a, respirasyon an sanble li difisil oswa li kanpe, kò a kontrakte, krache l ka akimile nan bouch li, epi li ka pipi sou li. Sa a se faz "klonik" la. Finalman, mouvman kontraksyon yo diminye epi moun nan repran konsyans, li ka plizoumwen dezoryante ak fatige akòz aktivite miskilè entans lan.

### Kriz Absans (ke yo te konn rele "Ti Mal")

Yon kriz jeneralize, ki prezante piplis kay timoun ki gen ant twa ak katòz lane, se kriz absans. Kriz absans lan sanble li pi lejè pase kriz tonik-klonik la, anreyalite, byen souvan yo panse moun nan ap reve ak je louvri. Kidonk, se pwofesè lekòl elementè a ki leplisouvan remake twoub sa a anvan menm pèsòn lòt okouran de li.

Lè kriz absans sa a prezante, timoun nan pèdi konesans pandan yon ti tan byen kout, li ka gen yon rega fiks, li ka ap bat zye l, oswa li ka ap woule zye l monte. Se pa yon bagay ki ra pou yon timoun gen ant 50 a 100 kriz absans pa jou. Epilepsi sa a disparèt kay pifò timoun, lè yo rive nan laj pibète.

### Kriz Myoklonik

Kriz myoklonik se lè gen latranblad oswa kontraksyon kò a nan yon misk oswa nan yon gwoup misk, e jeneralman sa pa dire lontan, e li dire sèlman kèlke segonn. Byenke moun ki pa gen epilepsi ka sibi yon myokloni, jeneralman nan epilepsi, kriz myoklonik yo lakòz mouvman anòmal sou toude bò kò a, anmenmtan.

- ***Epilepsi myoklonik jivenil:*** Jeneralman, kriz sa yo kòmanse vè peryòd pibète, e byen souvan yo rive touswit apre timoun nan leve nan dòmi.
- ***Epilepsi myoklonik pwogresif:*** Karakteristik fòm epilepsi sa a se yon konbinezon kriz myoklonik ak kriz tonik-klonik. Etan tan an ap pase, sentòm sa yo jeneralman vin pi mal e yo vin pi difisil pou kontwole.

### Kriz Tonik

Karakteristik kriz tonik se kontraksyon ak redisman misk ki fèt sibitman. Souvan, zye yon moun ka vire lanvè, epi misk pwatrin yo ka redi ak kontrakte, sa ki ka fè l pi difisil pou moun nan respire. Kriz sa yo dire pandan yon ti tan kout, e anjeneral yo dire mwenske 20 segonn.

### Kriz Klonik

Avèk kriz klonik, misk yon moun tranble ak kontrakte an plizyè fwa, e li enpòtan pou sonje ke lè w imobilize oswa repozisyone moun nan, sa pap kanpe mouvman kriz yo. Kriz klonik yo rive ramant.

### Kriz Atonik

Pandan yon kriz atonik, misk yo sibitman pèdi tansyon (oswa "fòs") akòz chanjman tanporè nan fonksyònman sèvo a. Kriz sa yo dire yon ti tan kout, e anjeneral yo dire 15 segonn oswa mwens. Anjeneral, kriz atonik kòmanse depi nan anfans e li dire jiska nan laj granmoun. Byenke jeneralman moun nan rete konsyan e kriz yo yomenm pa koze okenn domaj nan kò a, byen souvan gen domaj endirèk ki prezante lè moun nan tonbe, poutèt mankman nan kapasite pou kontwole misk yo. Dèfwa yo rele kriz atonik yo "kriz tonbe" oswa "atak tonbe".

### **Kriz FOKAL - ki gen rapò avèk yon zòn ki lokalize nan sèvo a**

Anjeneral yo dekri kriz fokal (yo konn rele l "kriz pasyèl" oswa "kriz lokalize" tou) selon sa yo sanble oswa selon sa yo fè moun santi, pa egzanp:

- San afeblisman konsyans lan oswa konesans lan
- Li enplike fenomèn sichik oswa sansoryèl ki sibjektif
- Avèk afeblisman konsyans lan oswa konesans lan, oswa diskoyitif
- Li devlope an yon kriz epileptik bilateral

Yo kategorize/dekri diferan tip kriz fokal yo grasa tip sentòm kriz prensipal yo.

### Kriz Pasyèl Senp

Kriz pasyèl senp ka prezante anvan yon kriz pasyèl konplèks, e nan ka sa yo, trè souvan yo rele yo yon "kriz ora". Trè souvan yo karakterize ora a pa yon ti sansasyon byen kout nan vant oswa nan tèt, tankou yon sansasyon ki fè moun nan santi I ap fè fon oswa I ap monte, yon son k ap boudonnen, yon move sant, oswa tach ki parèt devan zye yo. Moun ki ka antrene tèt yo pou yo rekonèt aktivite kriz la anvan li pwopaje nan lòt pati sèvo a ka itilize I kòm yon avètisman pou l pran mezi pou pwoteje tèt li pou l evite domaj ki ka rive pandan kriz la menm.

### Kriz Pasyèl Konplèks (yo konn rele l "Lòb Tanporal" oswa "Sikomotris")

Kriz pasyèl ki pi komen an se sa yo rele kounye a pasyèl-konplèks e ke yo te konn rele anvan lòb tanporal oswa sikomotris. Kriz pasyèl konplèks la gen twa faz ki byen kout: Moun lan sispann aktivite I ap fè epi I vin toudi epi I gen yon rega fiks. Alèkile li vin gen yon dal konpòtman ki fèt otomatikman e san rezon, epi anjeneral konpòtman sa yo dire kèlke minit. Pami konpòtman sa yo, moun nan ka bat lèv li, kenbe rad li, boutonnen ak deboutonnen rad li oswa I ka rale dwèt li. Etan moun nan ap repran konesans, li pase pa yon ti peryòd dezoryantasyon ak konfizyon.

### **Revizyon Klasifikasyon Kriz yo**

(Rapò Komisyón ILAE 2005- 2009)

- Kriz jeneralize

- Tonik-klonik (nenpòt kalite)
- Absans
  - Tipik
  - Atipik
  - Absans avèk karakteristik espesyal
  - Absans myoklonik
  - Myokloni pòpye je
- Myoklonik
  - Myoklonik
  - Atonik myoklonik
  - Tonik myoklonik
- Klonik
- Tonik
- Atonik
- Kriz fokal
- Yo pa konnen
  - Kontraksyon Epileptik
  - (Evènman yo pa fin dyagnostike klèman nan youn nan kategori ki make pi wo yo)

## Reyalite sou Epilepsi - Dyagnostik

Li kritik pou yo bay yon dyagnostik egzak sou twoub epileptik la, yon fason pou yo sa preskri tretman apwopriye a, e detèlsòt pou moun nan ka genyen ak kenbe yon fason pou viv ki ansante e ki pwodiktif. Lè yo mal dyagnostike l, sa ka lakòz kriz yo pèsiste. Pi bon fason pou dyagnostike epilepsi se nan fè obsèvasyon atantif ak lè yo dokimante sentòm yo, ansanm avèk tou lè yo fè yon egzamen medikal konplè, ki enkli evalyasyon pèsonèl ak evalyasyon istorik medikal familyal, ak tès newolojik apwopriye.

### Obsèvasyon atantif ak dokimantasyon sou sentòm yo:

Reyalite a sèke doktè w la ka pa janm wè lè w gen yon kriz; kwake anpil moun gen aparèy elektwonik ki ka pran moun nan sou videoyo. Lè kriz sa yo fèt, li enpòtan pou yo bay yon deskripsiyon presi sou sa ki pase a. Sa ka ede doktè w la deside ki tretman pou l fè pou ou.

### Rekomandasyon suivan yo ka ede w bay yon deskripsiyon presi:

1. Dekri, avèk plis presizyon ke posib, sa w obsève nan yon lòd kwonolojik.
2. Etandone kantite tan kriz la dire se yon enfòmasyon ki itil pou doktè a, tanpri kalkile tan kriz la pran, lè sa posib.
3. Si posib, moun ki soufri epilepsi a oswa yon manm fanmi an, fèt pou l ekri nan yon kanè dat la, lè nan jounen an, si gen rezon ki presipite oswa ki pwovoke kriz la epi bay deskripsiyon kriz yo. Deskripsiyon sa yo ka gen enfòmasyon swivan yo:
  - a. Èske moun nan te pouse yon rèl ak/oswa te fè lòt bwi?
  - b. Èske te gen yon epizòd kote je moun nan te fikse epi li pat reyaji oswa moun nan te sanble li t ap reve je louvri oswa ke li te preyokipe?

- c. Èske I te gen kote nan kò I ki t ap kontrakte oswa ki t ap tranble?
- d. Èske moun nan te poupou oswa pipi sou li?
- e. Èske moun nan te sanble ke I te pèdi konesans?
- f. Èske w te remake lèv moun nan t ap bat, ke moun nan t ap boudonnen, èske I t ap kenbe rad li, èske je I t ap bat rapidman, oswa je I t ap vire tankou yon moun ki gen konfizyon?
- g. Apre kriz la, èske moun nan te gen konfizyon, li te gen dòmi oswa li te toudi?
- h. Èske moun nan te sonje yon eksperyans sansoryèl tankou yon move sant, pikotman, sansasyon laperèz, elatriye?

#### **Yon egzamen medikal detaye ki enkli yon evalyasyon sou istorik medikal pèsònèl ak familyal:**

Li enpòtan pou yo genyen yon istorik medikal pèsònèl, ansanm avèk yon istorik medikal familyal. Se yon bòn ide pou pale ak lòt fanmi sou kriz nan fanmi an, etandone moun kache enfòmasyon sa a nan fanmi yo.

#### **Tès newolojik apwopriye:**

Pwofesyon medikal la itilize yon varyete metòd pou dyagnostike epilepsi; metòd sa yo ka varye ant tès laboratwa jiska teknik imajri.

- Nòmalman, yo fè yon **EEG (elektwo-ansefalogram)**. Yon EEG anrejistre aktivite elektrik la ak tandans sèvo a.
- **MRI (imajri a rezonans mayetik)** se yon bagay yo ka fè. Imaj MRI se foto sèvo a. Yo ka revele timè, tisi sikatrize ak chanjman estriktirèl.
- Nan sèten ka, yo gen dwa mande pou yon **videyo pou pasyan ki entène lopital/siveyans EEG** nan yon sant konpreyansif pou epilepsi.

Met nan tèt ou ke lè yon moun gen yon kriz oswa gen yon evènman ki sanble yon kriz, sa pa vle di nesesèman ke moun nan gen epilepsi. Gen plizyè kondisyon yo dyagnostike enkòrèkteman kòm epilepsi; pamí kondisyon sa yo, genyen:

- Kriz febril, yon kriz ki rive souvan kay timoun e ke se yon tanperati kò ki wo ki deklanche l.
- Epizòd kenbe souf
- Aksidan Iskemik Tranzitwa (TIA), enteripsyon kout sikilasyon san an nan sèvo a.
- Twoub sikiyatrik: kriz panik, kriz sikojèn
- Senkòp
- Tik

#### **Reyalite sou Epilepsi - Tretman**

Apeprè 60% kriz epileptik yo ka kontwole pasyèlman oswa totalman avèk medikaman. Yon fwa yo kontwole pwoblèm lan, anpil moun ki gen epilepsi vin pratikman pa gen okenn kriz pandan tout lavi yo, konsa yo ka fè nenpòt ki travay e yo ka patisipe nan laplipa aktivite ki genyen. Gen nouvo medikaman ki disponib ki trèsouvan pèmèt mentni oswa menm amelyore fason yo kontwole kriz yo san pa

gen anpil efè segondè, kidonk kalite vi moun nan vin amelyore. Mande doktè w la kilès nan nouvo medikaman yo ki pi bon ou.

**Medikaman yo itilize pou kontwole kriz epileptik yo rele medikaman anti-epileptik (oswa AED nan lang angle).** Yo aji nan de (2) fason prensipal:

- Yo toufe aktivite endezirab newon ki domaje yo, konsa yo minimize dechaj elektrik la.
- Yo diminye reyakson newon nòmal ki toupre yo, konsa yo bloke eksè dechaj elektrik la pou l pa pwopaje nan lòt kote nan sèvo a.

Objektif moun ki gen epilepsi a se pou l jwenn medikaman patikilye a oswa konbinezon medikaman yo ki pral kontwole kriz yo omaksimòm etan yo minimize efè segondè yo. Byensouvan sa mande yon peryòd eksperimentasyon koperatif ak obsèvasyon, epi pandan peryòd sa a, yo eseye medikaman yo epi yo ajiste dòz yo jiskaske yo jwenn rezulta y ap chèche a.

Gen yon pouvantaj moun ki epileptik ki gen kriz ke medikaman pa ka byen kontwole. Pou anpil nan moun sa yo, gen anpil modalite tretman ki disponib aktyèlman. Chiriji resektif se opsyon preferab la pou moun ki gen kriz pasyèl ki fèt nan yon sèl pwen ki nan yon kote ke yo ka opere. Nan chiriji resektif, yo idantifye pòsyon nan sèvo a kote orijin kriz la ye epi yo wete l.

Pou moun ki pa bon kandida pou chiriji resektif, gen yon lòt opsyon ki se estimilatè nè vag (vagus nerve stimulator: VNS). Pou sa fèt, yo mete yon aparèy ki tankou yon estimilatè kadyak (pesmakè) sou lestomak moun nan ki tache a yon fil ki plòtone otou nè vag la epi ki estimile l ak dechaj elektrik. Avèk VNS, yo remake frekans ak gravite kriz yo te diminye toutbon (byenke sa te rive raman ke li pat eliminate kriz yo konplètman) kay plizyè moun. Gen lòt kalite estimilatè ke y ap devlope aktyèlman.

Rejim setojèn, se yon rejim alimantè ki pa gen anpil glisid ladann men l gen anpil grès ke yo konn itilize pafwa, leplisouvan yo itilize l pou timoun. Se yon rejim ki gen anpil restriksyon ladann ke yo enpoze yon pasyan ki entène lopital e yo sipèvize l avèk anpil atansyon. Gen sèten rejim alimantè yo modifye e ke yo itilize avèk siksè plizoumen.

Moun ki kandida pou youn nan pwosedi sa yo, yo oblige fè tès pou yo pou konnen si yo gen kapasite pou fè entèvansyon sa yo. Anjeneral se sèlman nan sant medikal ki espesyalize nan tretman epilepsi ke pwosedi sa yo disponib.

## **Reyalite sou Epilepsi - Premye Swen**

### **SI YON KRIZ JENERALIZE PREZANTE...**

Si w ap eseye ede yon moun k ap fè yon kriz tonik-klonik, men pwosedi yo rekòmande yo:

- Piga eseye imobilize moun nan.
- Debarase zòn kote n ye a pou evite blesi. Retire objè ki di oswa ki danjere; mete tèt moun nan sou yon kousen pou evite li frape atè a oswa pou evite li

frape twòtwa a. Si moun nan gen linèt nan je l, retire yo.

- Lache pati nan kòlèt rad la ak rad ki kouvri tèt la.
- Vire moun nan pou mete l sou kote pou pèmèt krache l drennen sot nan bouch li.
- PIGA mete okenn objè ki di nan bouch li oswa ant dan yo. (Li ka fè l trangle oswa li ka domaje bouch la oswa dan yo.)
- Lè moun nan reprann konsyans li e kriz la sispann, ede jwenn yon kote pou moun nan repoze l epi pou l reyoryante l.

Pifò moun refè bripsoukou. Kidonk, jeneralman li pa nesesè pou rele asistans dijans amwenske moun nan pa abitye gen kriz tonik-klonik oswa si li ta vin blese.

Sepandan, si kriz la dire pliske senk minit, oswa si yon kriz vin touswit apre yon lòt san moun nan pa repran konsyans, chèche jwenn èd medikal imedyatman.

### **SI YON KRIZ FOKAL PREZANTE...**

Eseye evite imobilize moun nan epi kalmeman ede pwoteje moun ki gen kriz la pou l pa blese aksidantèlman. Lè li reprann konsyans li, ou ka ede moun nan pou l reyoryante l.